nystateofhealth™
The Official Health Plan Marketplace



KÈK TI ENFÒMASYON SOU

# Essential Plan

## Kisa Essential Plan ye?

Yon plan sante pou Moun New York. Li koute mwens lajan pase lòt plan sante. Epi li ofri menm avantaj enpòtan yo.

## Kimoun ki kapab achte li?

Moun ki pa touche ase revni epi ki pa kalifye pou Medicaid oswa Child Health Plus.

| Kantite Moun ki nan kay la | Pifò lajan ou kapab touche |
|---|---|
| 1 | $24,980 |
| 2 | $33,820 |
| 3 | $42,660 |
| 4 | $51,500 |

## Konbyen li koute?

Swa $20 pa mwa pou chak moun - mwens pase yon dola pa jou oswa ANYEN.

## Ki lòt fason l ap ede mwen ekonomize lajan?

Li PA GEN FRANCHIZ, poutèt sa plan an ap kòmanse peye pou swen sante ou touswit.

W ap resevwa SWEN PREVANTIF GRATIS tankou egzamen woutin doktè ak evalyasyon pou kenbe ou ansante.

## Kisa Essential Plan garanti?

Menm sèvis yo garanti nan lòt plan yo, tankou:

- vizit doktè, tankou espesyalis
- tès doktè ou rekòmande yo
- medikaman sou preskripsyon
- swen pasyan ki entène ak swen pasyan ki pa entène nan yon lopital
- ak plis bagay toujou.

## Kijan pou mwen enskri nan yon plan?

**nystateofhealth.ny.gov**

OSWA

**1-855-355-5777 oswa TTY: 1-800-662-1220,**

OSWA

**Atravè èd gratis fas-a-fas nan men yon asistan sètifye tou prè lakay ou oubyen travay ou.**

## Èske ou kapab ede mwen lang mwen?

**Gen èd ki disponib nan lang ou nan telefòn ak fas-a-fas.**

## Kilè mwen ta kapab enskri nan yon plan.

**Enskripsyon pou Essential Plan louvri pandan tout ane a.**

NY State of Health konfòme ak lwa Eta a ki anplas yo epi li pa fè diskriminasyon vi baze sou ras, koulè, orijin nasyonal, kwayans/relijyon, laj, sèks, eta /sitasyon familyal, dosye arestasyon, kondanasyon penal, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, karakteristik predispozisyon jenetik, sitiyasyon militè, viktim vyolans nan kay epi/oswa vanjans.